

# Deklarasyon Dwa Paran yo

Antane yon paran, responsab legal oubyen moun ki gen otorite pou pran desizyon pou yon pasyan  
pedyatri k ap resevwa swen nan lopital sa, ou gen dwa ak sa ki vini yo:

- 1) Enfòme lopital la de non doktè premye swen ptit ou an, si ou konnen l, epi mete enfòmasyon sa  
nan dosye medikal ptit ou an.
- 2) Pou w asire ke lopital nou an ap admèt pasyan pedyati nan limit kapasite li genyen pou founi pèsonèl  
ki kalifye, espas ak ekipman nan gwochè ki adapte ki nesesè pou reponn a bezwen inik pasyan pedyatri  
yo.
- 3) Otorize pou omwen youn nan paran oubyen responsab legal yo rete ak timoun nan tout tan,  
toutotan sa posib, dapre bezwen sante a sekirite ptit ou an.
- 4) Mande pou yon doktè, asistan doktè oubyen enfimyè pratisyen ki familye ak maladi ptit ou an  
revize tout rezulta tès ki fèt yo pandan admision oubyen konsiltasyon nan yon sal ijans.
- 5) Mande pou yo pa egzayate ptit ou an nan lopital nou an oubyen nan sal ijans lan jisaské yon doktè,  
oubyen enfimyè pratisyen revize tout tès ke yo ka atann a valè rezulta ki enpòtan nan fason ki  
rezonab e ke yo ta dwe kominike ou menm, lòt moun an chaj k ap pran desizyon de rezulta sa yo, si  
sa appropriye. Rezulta valè enpòtan yo se sila ki endie yon maladi ki menase lavi oubyen lòt maladi  
grav ki egzije atansyon medikal imedyat.
- 6) Mande pou yo pa egzayate ptit ou an nan lopital nou an oubyen sal ijans lan jiska ou menm  
oubyen ptit ou an, si li awopriye, resevwa yon plan egzeyat ekri, ke yo ta dwe kominike ba ou,  
bay ptit ou an oubyen lòt moun ki anchaj pou pran desizyon medikal tou vèbalman. Plan egzeyat  
ekri a ap genyen ladan l espesyalman tout rezulta laboratwa enpòtan oubyen lòt tès dyagnostik yo  
preskri pandan sejou ptit ou an ansam ak lòt tès ki pako fèt.
- 7) Resevwa valè rezulta enpòtan ak plan egzeyat ptit ou an nan yon fason ke asire ke ou menm, ptit ou  
an (si li aplikab), oubyen lòt moun ki anchaj pou pran desizyon medikal nan yon jan ki rezonab, ap  
konprann konprann enfòmasyon medikal yo bay la pou pran desizyon medikal ki awopriye.
- 8) Mande pou yo bay tout rezulta ospitalizasyon oubyen vizit nan sal ijans lan a doktè premye swen  
ptit ou an, si ou konnen l.
- 9) Mande enfòmasyon sou dyagnostik oubyen dyagnostik ki posib ke yo te konsidere pandan epizòd  
swen sa ak konplikasyon ki ta ka devlope, ansam ak enfòmasyon konsèminakasyon ak doktè  
premye swen ptit ou an.
- 10) Jwenn yon nimewo telefòn ou ka rele apre yo egzayate ptit ou a nan lopital la oubyen nan  
depatman ijans lan pou resevwa konsèy nan ka gen konplikasyon oubyen pou poze kesyon ki  
soulve konsènan maladi ptit ou an.

Lwa sou Sante Piblik (Public Health Law, PHL) 2803(i)(g) Dwa Pasyan yo 10NYCRR, Atik 405.7

